# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–25 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें हवें कि देस के नौयुवकन के अंतरिक्ष क्षेत्र में सुधार से काफी फायदा भइल हौ। आजु आकासवाणी से **मन की बात** कार्यक्रम में उहां के कहलीं कि बहुत कुछ अइसन हो रहल हौ जेह से विकसित भारत क नेंव मजबूत हो रहल हौ। ऐह महिन्ना क तेइस तारिख के पहिला राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस आ चन्द्रयान तीन के कामयाबी क जसन देसवासी मनवलें। ई उपलब्धि हासिल करे वाला भारत पहिला देस बनल हौ।

श्री मोदी कहलें कि ऐह बरिस लाल किला से ऊ गैर राजनीतिक कृष्ण भूमि वाले एक लाख नौयुवकन से राजनीतिक व्यवस्था से जुड़ले क कहले रहलें। ऐहकर जबरदस्त प्रभाव पड़ल हौ अउर ढेरि संख्या में नौयुवक राजनीति में आवे के तइयार हवें। प्रधानमंत्री हर घर तिरंगा अभियान पर सज्जों राज्य में अउर विश्व संस्कृत दिवस पर लिथूएनिया क प्रोफेसर वायतिस विदुनास द्वारा कइल गइल संस्कृत ऑन रिवर्स नाम क अनोखा प्रयासो क चर्चा कइलें।

प्रधानमंत्री कैच द रेन मूवमेंट अउर एक पेड़ माँ के नाम अभियान में भाग लेवे अउर ढेरि से ढेरि पौधा लगवले क अनुरोध कइलें। ऊहां के अगिला कुछ दिन्न में सुरू हो रहल पेरिस पैरालिम्पिक्स में **हैश–टेग चियर फॉर भारत** के साथे खिलाड़ियन के प्रोत्साहित करे क अपील कइलीं। ऊहां के आगामी तिउहार जन्माष्टमी, गणेस चतुर्थी, ओणम, मिलाद–उन–नवी अउर तेलगू भासा दिवस क बधाईयों देहलीं। प्रधानमंत्री क संसदीय क्षेत्र बनारस के सथहीं कई जिला में लोगि उनकर संबोधन सुनलें आ 113वीं कड़ी के प्रेरणादायक बतवलें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ यूपीएस लागू कइले के केन्द्र सरकार के फइसला क स्वागत कइले हईं। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि कई लाख करमचरियन के लाभ देवे वाला ई बढ़हन फइसला उनकरे जिनगी में आर्थिक सुरक्षा आ सुखद भविष्य क नया सूरयोदय लेकर आइल हौ।

केन्द्रीय मंत्रीमण्डल सरकारी करमचारियन बदे काल्हि पिनसिन स्कीम के मंजूरी देहलस जेहमें तय पिनसिन क परावधान कइल गइल हौ। ई स्कीम एक अप्रैल दुई हजार पच्चीस से प्रभावी होइ। सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव काल्हि नई दिल्ली में बतवलें कि ऐह योजना में पच्चीस बरिस क नौकरी पूरा कइले के बादि आखरी बारह महिन्ना क मूल वेतन क आधा पिनसिन देहल जाई। योजना में करमचारी क निधन के बादि परिवार पिनसिन साठ फीसदी कै दिहल गइल हौ। श्री वैष्णव बतवलें कि ऐह योजना से तकरीबन तेईस लाख सरकारी करमचारियन के फायदा मिली।

**********

बिहने श्रीकृष्ण जन्माष्टमी क तिउहार मनावल जाई। तिउहार के चलते बाजार में चहल–पहल हौ। लोगि भगवान क झांकी क सामान बरत, पूजा–पाठ अउर लइकन बदे कान्हा व राधा के रूप वाला कपड़ा अउर सजावटी गहना खरीद रहल हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ जन्माष्टमी परब क बधाई देहलें हईं। ओहां के कहलें कि भगवान श्रीकृष्ण क धरती पर अवतार धरम, सच्चाइ आ न्याय क स्थापना अउर अधरम, अन्याय आ अत्याचार के खिलाफ लड़ले क प्रेरणा देला। ओहां के पुलिस थाना, पुलिस लाईन आ जेलन में सरधा से तिउहार मनावे के कहलें हईं। मुख्यमंत्री आजु मथुरा में भगवान श्रीकृष्ण के पांच हजार दुई सौ इक्यानवे जन्मोत्सव समारोह के सुभारंभ कार्यक्रम में हिस्सा ले रहल हवे। ओहां के पांच सौ तिरासी करोड़ रूपिया क लागत क एक सौ सैंतीस परियोजना क लोकार्पणों करिहें। ऊ मथुरे में रात्रि विश्राम करिहें आ बिहने जन्माष्टमी क भगवान श्रीकृष्ण के दरसनो करिहें।

**********

बलरामपुर जिला में अयोजित स्वंय सहायता समूह क लखपति दीदी सम्मेलन में आजु प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के महाराष्ट्र के जलगांव में कइल गइल संबोधन के सुनल गइल। ऐह मौका पर राष्ट्रीय ग्रामीण आजीविका मिसन के जरिया से संचालित तीन हजार अड़तीस लखपति दीदी के प्रमाण पत्र देके सम्मानित कइल गइल। कार्यक्रम में सदर विधायक प्लटूराम, डीएम पवन अग्रवाल आ मुख्य विकास अधिकारी संजीव कुमार मौर्या, समूह के सदस्यन के अनुभव के सुनलें।

**********

नेपाल में तेइस अगस्त में भइल बस दुरघटना में मरे वाले पच्चीस भारतीयन क सव काल्हि वायुसेना के विसेस विमान से महाराष्ट्र के जलगांव भेज दिहल गइल। ओहीं प्रदेस के दू लोगिन के सव गोरखपुर जिला में ले आवल गइल। सज्जों सव के जरूरि प्रक्रिया के बादि परिवार के सौंप दिहल गइल। हादसा में घायल एगो यात्री क हालति अबहिनो गंभीर हौ अउर ऊ तेवाट में आईसीयू में भरती हौ।

ओहर ऐह दुरघटना के दौरान दू दूसरका बस में सवार अड़तालीस यात्री सुरक्षित तरिका से गोरखपुर पहुंचलें अउर महाराष्ट्र रवाना भइलें। गोरखपुर के एडीएम विनीत कुमार सिंह बतवलें कि यात्रियन के विसेस ट्रेन से भेजल गइल अउर आजु राति नौ बजे ले महाराष्ट्र क भुसावल पहुंच जइहें।

**********

उत्तर प्रदेस आरक्षी सीधी भरती परीक्षा दु हजार तेइस के तीसरे दिन्न का परीक्षा अबसे थोड़ी देर पहिले पूरा हो गइल। दू पाली में ई परीक्षा तीस आ इक्तीसो अगस्त के आयोजित होई। काल्हि परीक्षा में बहत्तर संदिग्ध लोगि चिन्हित कइल गइल रहलें। ऐकर अलावा गड़बड़ी क प्रयास करे वाले सतरह लोगिन के खिलाफ दरज भईल आ बीस लोगिन के जेल भेजल गइल।

**********

नई दिल्ली से भटिंडा जा रहल किसान एक्सप्रेस ट्रेन क एसी कोच बिजनौर जिला क स्योहारा स्टेसन के लग्गे आजु भिन्नहीं लिंक से टूट के अलगि हो गइल अउर ट्रेन दू हिस्सा में बटि गइल। रेलवे प्रसासन आ पुलिस विभाग क अधिकारी मउका पर पहुंचि गइलें। ट्रेन में सवार पुलिस भरती परीक्षा के अभ्यर्थियन के दूसरा व्यवस्था से गंतव्य ले भेजवावल गइल।

**********